

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku lima subbab, nyaéta désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.


3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan ngagunakeun métode déskriptif. Sugiyono (2023, kc. 15) nétélakeun yén pamarekan kualitatif téh nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun nalungtik objék alamiah. Panalungtik ngumpulkeun data dumasar kana pandangan tina sumber data (*emic*), sarta hasil panalungtikanana leuwih mentingkeun ma'na. Métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan pikeun ngagambarkeun hasil panalungtikan anu tujuanana pikeun ngadéskripsikeun, ngajelaskeun, sarta validasi ngeunaan rumusan masalah (Ramdhan, 2021, kc. 7).

Udagan digunakeunna métode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun data anu geus dianalisis, nyaéta kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung harti pragmatis kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

Saluyu kana pedaran di luhur, disusun léngkah-léngkah désain panalungtikan, di antarana (1) ngarumuskeun masalah anu rék ditalungtik, (2) nangtukeun sumber data panalungtikan, (3) nangtukeun téhnik anu rék digunakeun dina panalungtikan, (4) nangtukeun instrumén anu rék digunakeun pikeun data panalungtikan, (5) nangtukeun téhnik pikeun ngolah data panalungtikan, (6) nganalisis data, (7) ngadéskripsikeun data, jeung (8) nyieun kacindekan.

Sangkan leuwih jéntré, désain panalungtikan anu geus disusun, dibagankeun saperti ieu di handap



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta paguneman antar tokoh carita, anu ngawengku déskripsi ngeunaan kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung harti pragmatis kalimah éksprésif.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carita pondok anu judulna *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS, anu diterbitkeun ku Pustaka Jaya taun 2022, anu dilélér Hadiah Sastra Rancagé katégori sastra Sunda taun 2023. Dina ieu kumpulan carpon aya dua bagian, anu masing-masing bagian aya 8 judul carpon, anu ngawengku:

Bagian kahiji:

- 1) “Caang Bulan di Sagara” (CBS)
- 2) “Peuting nu Sanget” (PNS)
- 3) “Tulang Lebaran” (TL)
- 4) “Kami Ulah Dihukum” (KUD)
- 5) “Batara Karang” (BK)
- 6) “Sudin jeung Bulan” (SB)
- 7) “Guru Kahir” (GK)
- 8) “Lagu Panineungan” (LP)

Bagian kadua:

- 1) “Sang Tarum” (ST)
- 2) “Nyi Halimun” (NH)
- 3) “Tilu Carita Nun” (TCN)
- 4) “Nyai jeung Pohaci” (NP)
- 5) “Batu Hyang” (BH)
- 6) “Kalangkang Pamajikan” (KP)
- 7) “Yambisé” (Y)
- 8) “Surat ti Palmira” (STP)

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan studi pustaka. Data anu dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS;
- 2) Nyirian kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS;
- 3) Nyirian ma'na kalimah éksprésif nu ayadina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS;
- 4) Nyirian harti pragmatis kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS;
- 5) Nyalin data anu kapanggih kana kartu data digital;
- 6) Nyusun data anu geus diidentifikasi kana kartu data digital;
- 7) Medar data anu geus diidentifikasi; jeung
- 8) Nyieun kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén kartu data digital. Sakabéh data kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS dibéré tanda, tuluy disalin kana kartu data digital. Dina ieu kartu data digital, sakabéh data dibéré kode tur diruntuykeun dumasar kana susunan carita pondok. Anapon kartu data digital anu digunakeun, saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Data Kalimah Éksprésif

No. Urut	No. Data	Data Kalimah Éksprésif	Kode Data
1.	(114)	“Beulah dieu yeuh maculna, heuy!”	STP/111/P.2/Pd.5

Keterangan :

Kode Data : STP/111/P.2/Pd.5

STP : “Surat ti Palmira” (judul carpon)

111 : Kaca dina kumpulan carpon

P.2 : Pada ka-2

Pd.5 : Padalisan ka-5

Sabada nyalin data kalimah éksprésif kana kartu data digital, tuluy data dipilah dumasar ma'na kalimah éksprésif jeung harti pragmatis kalimah éksprésif. Anapon tabél pikeun milah data ma'na jeung harti pragmatis, saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Ma'na Kalimah Éksprésif

No. Urut	No. Data	Data Ma'na Kalimah Éksprésif	Kode Data
1.	(114)	“Beulah dieu yeuh maculna, heuy!”	C-STP/111/P.2/Pd.5

Keterangan

Kode Data : C-STP/111/P.2/Pd.5

C : Cumeluk (ma'na kalimah éksprésif)

STP : “Surat ti Palmira” (judul carpon)

111 : Kaca dina halaman kumpulan carpon

P.2 : Pada ka-2

Pd.5 : Padalisan ka-5

Tabél 3.3
Harti Pragmatis Kalimah Éksprésif

No. Urut	No. Data	Data Harti Pragmatis	Kode Data
1.	(114)	“Beulah dieu yeuh maculna, heuy!”	PN/STP/111/P.2/Pd.5

Keterangan

Kode Data : PN/STP/111/P.2/Pd.5

PN : Panggentra (harti pragmatis)

STP : “Surat ti Palmira” (judul carpon)

111 : Kaca dina halaman kumpulan carpon

P.2 : Pada ka-2

Pd.5 : Padalisan ka-5

Pamungkas, ma'na jeung harti pragmatis kalimah éksprésif anu geus dipilah tur diasupkeun kana tabél, tuluy dianalisis jeung didéskripsikeun pikeun mikanyaho hasil jeung pedaran panalungtikan.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Niténan deui sacara teleb data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan dumasar kana tilu udagan, nyaéta data kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, sarta harti pragmatis kalimah éksprésif;
- 3) Nganalisis data dumasar kana tilu udagan, nyaéta data kalimah éksprésif, data ma'na kalimah éksprésif, jeung data harti pragmatis kalimah éksprésif;
- 4) Ngadéskripsikeun data dumasar kana tilu udagan, nyaéta data kalimah éksprésif, data ma'na kalimah éksprésif, jeung data harti pragmatis kalimah éksprésif; jeung
- 5) Nyieun kacindekan dumasar kana hasil jeung pedaran panalungtikan.